



Nimewo Social Security pou Moun ki pa Sitwayen

Indice

Èske yon moun ki pa sitwayen bezwen yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) (SSN)?	1
Kijan mwen ka fè pou mwen gen yon SSN ak kat?	2
Kisa mwen bezwen bay nan biwo Social Security (Sekirite Sosyal) la?	2
Kilè mwen dwe aplike?	3
Konbyen sa ap koute pou mwen mande yon nimewo ak yon kat SSN?	3
E si mwen bezwen yon SSN pou lòt rezon ki pa gen rapò ak travay?	3
Èske ou bezwen yon nimewo pou koze taks?	4
Kontakte nou	4

Èske yon moun ki pa sitwayen bezwen yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) (SSN)?

Petèt ou gendwa pa bezwen yon SSN, amwens ou pa yon sitwayen epi ou vle travay Etazini.

An jeneral, se sèl moun ki pa sitwayen epi ki jwenn otorizasyon nan men Department of Homeland Security (Depatman Sekirite Enteryè) (DHS), ki kapab gen yon SSN. Yo itilize SSN yo pou rapòte salè yon moun bay gouvènman epi pou detèmine kalifikasyon l pou yon seri avantaj pou Social Security (Sekirite Sosyal). Ou bezwen yon SSN pou travay, rasanble avantaj Social Security (Sekirite Sosyal) ak resevwa lòt sèvis gouvènman.

Legalman moun ki pa sitwayen yo kapab jwenn anpil avantaj ak sèvis san SSN. Ou pa bezwen yon SSN pou ou gen lisans chofè, pou ou enskri lekòl, jwenn asirans sante prive, oswa aplike pou pwogram kantin eskolè oswa sibvansyon pou lojman.

Gen kèk òganizasyon ki itilize SSN pou idantifye ou nan dosye yo. Sepandan, si ou mande sa, pifò ap itilize lòt mwayen pou idantifye ou.

Nou pa kapab ba ou yon SSN senpleman pou ou jwenn yon lisans chofè oswa pou ou jwenn yon sèvis ki egzije yon kontwòl kredi.

Aktout anpil konpayi, tankou bank ak konpayi kredi yo, kapab mande ou SSN ou, an jeneral, ou pa oblige bay youn si ou pa genyen.

Kijan mwen ka fè pou mwen gen yon SSN ak kat?

Si ou se yon imigran, ou kapab aplike de fason:

- Ou kapab fè demann lan depi nan peyi kote ou soti a anvan ou vin Etazini lè ou depoze yon demann pou yon viza imigran nan U.S. Department of State (Depatman Eta Etazini). Nan prèske tout ka yo, si ou fè demann yon SSN ak yon kat ansanm ak demann viza imigran ou an, ou pa bezwen ale nan yon biwo Social Security (Sekirite Sosyal) Etazini. (Pou plis enfòmasyon, ale sou www.ssa.gov/ssnvisa, li disponib sèlman ann Angle).
- Si ou prezan legalman Etazini, ou dwe kontakte biwo Social Security (Sekirite Sosyal) ki nan zòn ou an. Gade seksyon ki anba a pou ou konnen kisa ou dwe soumèt nan biwo Social Security (Sekirite Sosyal) la.

Si ou pa yon imigran, ou kapab aplike de fason selon estati viza ou genyen an:

- Si ou prezan legalman Etazini epi ou vle mande otorizasyon pou travay oswa pou gen estati rezidan pèmanan legal nan DHS, U.S. Citizenship and Immigration Services (Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini) (USCIS), ou kapab mande yon SSN oswa yon kat ranplasman. Sa kapab fèt nan menm Fòm aplikasyon USCIS la I-765 (*Application for Employment Authorization*) (Demann Otorizasyon pou Travay), oswa gras ak Fòm I-485 la (*Application for Lawful Permanent Residency or to Adjust Status*) (Demann pou Rezidan Pèmanan Legal oswa pou Ajiste Estati). (Pou plis enfòmasyon, ale sou www.ssa.gov/ssnvisa/ebe.html, li disponib sèlman ann Angle).
- Si ou prezan legalman Etazini epi estati viza ou pèmèt ou travay, donk, ou dwe kontakte biwo Social Security (Sekirite Sosyal) ki nan zòn ou an pou ou fè demann lan.

Kisa mwen bezwen bay nan biwo Social Security (Sekirite Sosyal) la?

Ou dwe bay prèv idantite ou ak estati imigrasyon ki otorize ou travay.

Pou bay prèv idantite ou ak estati imigrasyon ki otorize ou travay, montre dokiman aktyèl imigrasyon Etazini ou a ak paspò etranje ou ki pa ekspire. Nan dokiman imigrasyon ki akseptab ou dwe bay yo, gen:

- Fòm I-551 (*Lawful Permanent Resident Card, Machine-Readable Immigrant Visa*) (Kat Rezidan Pèmanan Legal, Viza Imigran ki Kapab Li nan Machin).
- Fòm I-94 (*Arrival/Departure Record*) (Dosye Arive/Depa).
- Fòm I-766 (*Employment Authorization Document/EAD*) (Dokiman Otorizasyon Travay/EAD).
- Tenb admisyon ki montre yon kategori admisyon ki gen otorizasyon travay.

Echanj vizitè yo: Si ou nan yon echanj vizitè J-1 oswa J-2, nou dwe verifye DS-2019, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status or EAD* (Sètifikasi Kalifikasyon pou Estati Echanj Vizitè) oswa EAD ou a tou. Si ou se yon etidyan J-1yon etidyan entèn, oswa yon vizitè entènasyonal, ou dwe bay yon lèt esponnsò ou a voye. Lèt la dwe ekri nan papye antèt esponnsò a epi li dwe gen yon siyati oriinal ki otorize ou travay.

Etidyan entènasyonal yo: Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1, nou bezwen verifye Fòm I-20, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status or Designated School Official (DSO) letter* (Sètifikasi Kalifikasyon pou Estati Etidyan ki Pa Imigran oswa lèt Responsab Lekòl ki Deziyen) (DSO) ou a. Pou ou jwenn enfòmasyon sou lòt dokiman etidyan yo bay, li *International Students and Social Security Numbers (Publication No. 05-10181)* (Nimewo Sekirite Sosyal ak Elev Entenasyonal) (Nimewo Piblikasyon 05-10181) a. (disponib sèlman ann Angle)

Ou bezwen pwouve laj ou.

Ou dwe prezante sètifika nesans etranjè ou si ou genyen li oswa si ou kapab jwenn li nan espas 10 jou louvrab. Si ou pa kapab, nou kapab konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou ki pa ekspire oswa yon dokiman DHS bay, kòm prèv pou laj ou.

Ou bezwen fin ranpli yon aplikasyon.

Ou ap bezwen fin ranpli yon *Application for a Social Security Card* (Form SS-5) (Demann pou yon Kat Sekirite Sosyal) (Fom SS-5) (Disponib sèlman ann Angle).

Enpòtan: Tout dokiman yo dwe se dokiman orijinal oswa kopi ki sètifyè nan ajans ki bay yo a. Nou pa kapab aksepte fotokopi oswa kopi notarye pou dokiman yo. Epitou, nou pa kapab aksepte yon resi ki montre ou aplike pou dokiman an.

Nou kapab itilize yon dokiman pou de (2) objektif. Pa egzanp, nou kapab itilize DHS EAD ou a kòm prèv pou idantite ou epi pou estati imigrasyon ki otorize ou travay. Sètifika nesans oswa paspò kapab sèvi kòm prèv pou laj. **Sepandan, ou dwe bay omwen de (2) dokiman separate.**

Kilè mwen dwe aplike?

Si ou pa kapab itilize youn nan fòm nou site anwo a pou ou aplike, nou rekòmande ou ret tann 10 jou apre ou fin rive Etazini pou ou mande yon SSN. Sa ap rann li pi fasil pou n verifye dokiman DHS ou yo anliy. Sa ap pèmèt pwoesisis pou trete demann SSN ou a fèt pi rapid.

Nou ap voye kat SSN ou a pa lapòs apre nou fin jwenn tout enfòmasyon ou yo epi nou fin verifye dokiman ou yo nan biwo ki voye yo a.

Konbyen sa ap koute pou mwen mande yon nimewo ak yon kat SSN?

Demann SSN ak kat la gratis.

E si mwen bezwen yon SSN pou lòt rezon ki pa gen rapò ak travay?

Ou ka pa gen otorizasyon DHS pou travay Etazini. Si se konsa, ou ka gen yon SSN sèlman si ou kapab bay prèv ou bezwen li pou yon rezon valab ki pa gen rapò ak travay.

Avantaj oswa sèvis gouvènman: Si ou pa gen pèmisyon pou travay, ou ka mande yon SSN sèlman si youn nan sa yo aplikab:

- Yon lwa federal oblige w bay SSN ou pou ka jwenn yon avantaj oswa sèvis an patikilye.
- Yon lwa eta oswa lokal oblige w bay SSN ou pou w ka jwenn asistans jeneral pou avantaj ou deja kalifye yo.

Moun ki aplike pou yon SSN ki pa pou travay yo gen obligasyon pou bay dokiman ki pwouve idantite ak laj yo. Yo bay egzanp dokiman yo anba:

• Prèv Idantite epi laj

- Fòm I-94 (*Arrival/Departure Record*) (Dosye Arive/Depa).
- Fòm I-862 (*Notice to Appear*) (Konvokasyon).
- Fòm I-385 (*Alien Booking Record*) (Fich Enskripsyon Alyèn).
- Office on Trafficking in Persons (OTIP) lèt sètifikasyon
- Office of Refugee Resettlement (ORR) lèt sètifikasyon

• Prèv Idantite sèlman

- Fòm I-220A (*Order of Release on Recognizance*)

SONJE: Fòm I-22A (*Order of Release on Recognizance*) (Lòd pou Libere sou Kosyon) pa reponn ak egzijans Social Security (Sekirite Sosyal) yo pou l sèvi kòm prèv pou laj.

Si ou bezwen yon SSN ki pou reponn ak egzijans eta oswa lokal yo, **anplis dokiman pou idantifye ak laj yo ou dwe bay yon lèt ki soti nan ajans gouvènman**. Ki dwe yon lèt ak antèt enprime (pa yon lèt egzanplè oswa fotokopi)ak:

- Idantifye w espesikman kòm aplikan.
- Bay rezon espesik ki fè w mande yon SSN ki pa pou travay.
- Di ki lwa ki oblige w gen yon SSN.
- Montre ou reponn ak tout egzijans ajans lan sof SSN la ou pa genyen.
- Li gen non, siyati ak nimewo telefòn yon moun ki nan ajans lan.

Èske ou bezwen yon nimewo pou koze taks?

Ou ka pa bezwen yon SSN pou koze taks si w ou pa gen otorizasyon pou w travay Etazini. Ou kapab mande yon *Individual Taxpayer Identification Number* (*Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab*) nan Internal Revenue Service (Sèvis Enpo) (IRS). Vizite IRS an pèsòn, oswa rele nimewo gratis IRS la, **1-800-TAXFORM (1-800-829-3676)**, epi mande Fòm W-7, *Application For An Individual Taxpayer Identification Number* (*Demann Pou Yon Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab*).

Yon biznis oswa ajans gouvènman ka mande w pou SSN. Si w pa gen otorizasyon pou travay Etazini mande si yo ka idantifye w yon lòt fason. Nan piò ka, ou ap kapab jwenn sèvis oswa lisans ou bezwen an san yon SSN.

Si yo ba w yon SSN ki pa pou objektif travay, ou pa ka itilize l pou w travay.

Kontakte nou

Gen plizyè fason pou ou kontakte nou, tankou anliy, nan telefòn, epi fasafas. Nou la pou nou reponn kesyon ou yo epi pou nou sèvi ou. Social Security (Sekirite Sosyal) gen plis pase 85 lane depi li ap ede plizyè milyon moun asire jodi ak demen yo, lè li pèmèt yo jwenn avantaj ak pwoteksyon finansyè pandan tout lavi yo.

Ale sou sit entènèt nou an

Fason ki pi pratik pou ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal), se anliy nan **www.ssa.gov** (disponib ann Anglè ak Espanyòl). Ou kapab akonpli anpil bagay. Gen kèk nan sèvis sa yo ki disponib ann Anglè sèlman. Pou ede ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal),

- Aplike pou Extra Help with Medicare prescription drug plan costs (Èd Siplematè ak plan depans pou medikaman sou preskripsiyon Medicare) (disponib ann Anglè sèlman).
- Aplike pou piò kalite avantaj yo (disponib ann Anglè sèlman).
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo (disponib nan plizyè lang).
- Jwenn repons pou kesyon moun poze souvan yo (disponib ann Anglè ak Espanyòl).

Lè ou kreye yon kont *my Social Security*, (disponib ann Anglè sèlman), ou kapab menm fè plis.

- Verifye *Social Security Statement* ou a (Deklarasyon Sekirite Sosyal).
- Verifye salè ou.
- Jwenn estimasyon pou avantaj yo pi devan.
- Enprime yon lèt verifikasyon avantaj.
- Chanje enfòmasyon sou depo dirèk ou.
- Mande yon kat Medicare ranplasman.
- Jwenn yon ranplasman SSA-1099/1042S.
- Mande yon kat Social Security ranplasman, si ou pa gen okenn chanjman epi Eta ou a ap patisipe.

Aksè nan kont pèsonèl *my Social Security* ou a kapab limite pou itilizatè ki pa Ozetazini.

Rele nou

Si ou pa kapab itilize sèvis anliy nou yo, nou kapab ede ou pa telefòn lè ou rele biwo Social Security (Sekirite Sosyal) nan zòn ou an oswa Nimewo Nasyonal gratis 800 nou an. Nou bay

sèvis entèprèt gratis sou demann. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou biwo ki nan zòn ou an lè ou antre Kòd postal ou nan paj entènèt lokalizasyon biwo nou yo (aktout lokalizasyon biwo nan zòn nan disponib ann Anglè sèlman, ou kapab antre kòd postal ou pou ou jwenn biwo nan zòn ki pi pre a).

Ou kapab rele nou nan **1-800-772-1213** — oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si ou soud oswa ou pa tandem byen — ant 8:00 a.m.

– 7:00 p.m., Lendi rive Vandredi. **An jeneral, tan ou ap tann pou pale ak yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) pi kout lè Mèkredi rive Vandredi oswa pi ta nan jounen an.** Pou ou jwenn sèvis entèprèt gratis nou an, rete sou liy lan epi fè silans pandan mesaj vokal otomatik ann Anglè yo, jiiskaske yon reprezantan Social Security reponn ou. Reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) a ap kontakte yon entèprèt pou ede ou nan apèl la.

Epitou, nou ofri anpil sèvis telefòn otomatik ann Anglè ak Espanyòl, ki disponib 24 èdtan pa jou, yon fason pou ou pa bezwen pale ak yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal).

Si ou gen dokiman nou bezwen verifye, pa bliye dokiman yo dwe se orijinal oswa kopi ki sètifye nan ajans ki bay yo a.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10096-HC | April 2023 (Recycle prior editions)
Nimewo Social Security pou Moun ki pa Sitwayen
Social Security Numbers for Noncitizens (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Prodotto e pubblicato a spese dei contribuenti statunitensi